# DIALEKTIZMLERDIŃ KÓRKEM SHÍǴARMA TILINDEGI ORNÍ

**Dilbar Xalmuratova Yakıpbayevna,**
*tayanısh doktorant, Dilbarxalmuratova242@gmail.com*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.18902846

***Annotaciya***: *Bul jumısımızda dialektizmlerdiń kórkem shıǵarma tilindegi ornı, dialektizmlerdiń ózine tán ózgesheligi, jazıwshınıń dialektizmlerdi qollanıw sheberliligi, maqseti haqqında sóz ettik.*

***Аннотация***: *В данной работе мы обсудили роль диалектизмов в языке художественного произведения, их уникальные особенности, мастерство писателя в использовании диалектизмов и их цель.*

***Abstract***: *In this work, we discussed the role of dialectisms in the language of literary works, the unique characteristics of dialectisms, the writer's skill in using dialectisms, and their purpose.*

***Gilt sózler***: *dialektizm, kórkem shıǵarma, jazıwshı sheberliligi, ádebiy til.*

***Ключевые слова***: *диалектизм, литературное произведение, мастерство писателя, литературный язык.*

***Keywords***: *dialectism, literary work, writer's skill, literary language.*

Dialektlik birliklerdi xalqımızǵa jetkeriwde kórkem shıǵarmalar tiykarǵı orındı iyeleydi. Sebebi, xalıq kórkem shıǵarmanı oqıw arqalı ádebiy tilde ushıraspaytuǵın leksikalıq birliklerdi, belgili bir aymaq kóleminde qollanılǵan til birliklerin, yaǵnıy dialektizmlerdi úyrenedi. Dialektizmler kórkem shıǵarma tilinde qollanılǵanda, shıǵarma tiline tábiyiylik penen ómir shınlıǵın engizip, qaharmanlardıń obrazın, ortalıǵın ayqın kórsetiwde xızmet etedi. Sonıń menen birge, kórkem shıǵarmadaǵı dialektizmler tildiń ekspressivlik-emociyallıǵın arttırıp, estetikalıq tásir jasaydı. «Dialektlik sózlerdiń ózine tán emocionallıq-ekspressivlik hám estetikalıq qural sıpatında kórkem tekstte belgili dárejede qollanılıwı nızamlı qubılıs bolıp tabıladı. Usıǵan baylanıslı, bunday dialektlik sózlerdiń semantikalıq-stilistikalıq ózgesheliklerin kórkem shıǵarmalar tili materialı tiykarında úyreniw ayrıqsha áhmiyetke iye». [Doniyorov A. 1990: 35.]

Kórkem shıǵarmanıń tiykarǵı maqseti–oqıwshıǵa estetikalıq tárepten tásir etiw bolıp, qaharmanlardıń psixologiyalıq turmısın, olardıń jasaw tárizin, milliy-mádeniy kózqarasın anıq etip súwretlew bolıp tabıladı. Jazıwshı usı maqsetke erisiw jolında hár túrli til birliklerin, sonıń ishinde, dialektlik sózlerdi stillik qural sıpatında qollanadı. Dialektizmlerdiń kórkem shıǵarmalar tilindegi ornı, eń dáslep, shıǵarma tiliniń obrazlılılıǵın hám anıqlılıǵın kúsheytiw, qaharmannıń sóylew usılın individuallastırıw, shıǵarmanıń sociallıq-tariyxıy ortalıǵın, ózgesheligin ashıp beriw xızmetinde kórinedi. Xalıq dialektlerin biliw, dialektlik leksikadan xabardar bolıw

jazıwshı hám shayırlarımız shıǵarmaları qatarlarına sińdirilgen mánini tereńirek ańlaw, shıǵarmada súwretlenip atırǵan waqıya-hádiyseler milliy koloritke súńiw múmkinshiligin beredi. [Musaeva F. 2019:4.] Óytkeni, dialektizmlerde xalıqtıń turmıs-tirishiligin, mádeniyatın, tariyxın súwretleytuǵın tiillik qubılıslar sáwlelenedi.

Dialektizmler bir tárepten, jazıwshınıń qaharmanın sociallıq, aymaqlıq kózqarastan anıq kórsetip berse, ekinshi tárepten, shıǵarmanıń ulıwma kórkemlik reńin bayıtadı. Máselen, shıǵarma tilinde dialektizmler arqalı awıl turmısınıń haqıyqıy kórinisi, etnografiyalıq detallar, dástúr hám úrp-ádetler kórsetip beriledi. Bul bolsa oqıwshınıń shıǵarmadaǵı waqıyanıń súwretleniwine bolǵan isenimin arttıradı hám waqıyalardıń bolıp atırǵan ornı haqqında anıq kórinisti kóz aldına sáwlelendiredi. Shıǵarma tilinde dialektizmler qaharmannıń ishki dúnyasın ashıp beriwde, psixologiyalıq portretin súwretlewde, olardıń tábiyiy sóylewinde, minez-qulqındaǵı ápiwayılıq, jergilikli ortalıqqa tán bolǵan qásiyetlerin jetkeriwde xızmet etedi. Kórkem sóz sheberiniń dialektizmlerden paydalanıwı–bul ádebiy tildiń belgilengen norma shegaraların keńeytiwge, onı belgili bir aymaq kólemindegi qollanıwshı sózler arqalı da bayıtıwǵa qaratılǵan process sanaladı. Avtor dialektizmlerdi qollanıw arqalı ádebiy til menen tiri xalıq sóylew tili arasındaǵı tábiyiy baylanıstı támiyinleydi, bul usıl arqalı kórkem shıǵarma tilinde lingvomádeniy birlikler saqlanıp qaladı, sebebi hár qanday dialektizmlerdiń artında belgili bir aymaq kólemine tán bolǵan tariyxıy tájiriybeler hám turmıs tirishiligi turadı. Bul bolsa kórkem shıǵarmanıń ekspressivligin, emocionallıǵın arttıradı. Kórkem shıǵarma tilinde dialektizmlerdi qollanıw tek ǵana jergilikli sózlerdi alıp keliw dep qaramaw kerek, sebebi olar avtordıń bayanlawında da, qaharmanlardıń tilinde de emocionallıq-ekspressivlik boyawdı payda etip, kórkem shıǵarmanıń ideyalıq-kórkemlilik mazmunın tereńlestirip beredi. Usı kóz-qarastan, dialektizmlerdi kórkem ádebiyat stilistikasınıń funkcional-estetikalıq qurallarınan biri dep esaplawımızǵa boladı.

«Kórkem ádebiyat tilinde dialektizmlerdi paydalanıwdı sóz etkende eki nárseni shatastırmaw kerek. Dialektlik ayırmashılıqtı avtordıń óz bayanlawlarında paydalanıw bar hám qaharmannıń tilinde paydalanıw bar. Ekewiniń hárqaysısına tán ayırmashılıǵı bar. Jergilikli sózlerdi avtordıń óz bayanlawlarında qollanıwdıń negizgi maqseti– ádebiy tilde jubaysız dialektizmler menen bayıtıw... Ádebiy tildi dialektizm sózler menen bayıtıw úsh ámel arqalı iske asadı. 1) ádebiy tilde jubayı joq sózlerdi qollanıw arqalı; 2) dialektlik variant, dublet sıńarların semantikalıq defferenciya usılı menen tańlaw; 3) ádebiy tildegi sinonimlik qatarlardı jergilikli sózler menen bayıtıw arqalı». [Sarıbaev Sh., Naqısbekov O. 1989: 155.]Kórkem

shıǵarmada dialektlik birliklerdiń qollanılıwında avtordıń bayanlaw usılındaǵı dialektizmler, kóbinese, nominativlik xızmetti atqaradı hám ádebiy tildiń leksikalıq sistemasın jańa túsinikler, atamalar menen bayıtıwǵa xızmet etedi. Bul jaǵdayda tildegi sinonimlerdiń differenciyalanıwı, variantlardıń tańlanıwı tilimizdiń semantikalıq imkaniyatların keńeytip beredi. Al, qaharman tilindegi jergilikli sózler bolsa, kóbirek kórkem-estetikalıq xarakterge iye boladı. Kórkem shıǵarmanıń tilinde bul úsh ámeldiń( (jubaysız sózler, semantikalıq differenciya, sinonimlik bayıtıw) qollanılıwı-ádebiy tildiń belgili bir aymaqtaǵı jasawshı xalıqtıń tilindegi til bulaqlarınan qanshelli nátiyjeli paydalanıp atırǵanlıǵınan derek beredi.

Avtor hám qaharmannıń tilindegi dialektizmlerdi qollanıwdıń maqsetin hám nátiyjesin tómendegi kestede kórsetiwimizge boladı:

| **Qollanılıw tarawı** | **Tiykarǵı maqseti** | **Nátiyjesi** |
|---|---|---|
| **Avtor bayanlawı** | Ádebiy tildiń imkaniyatların keńeytiw | Til normasınıń bayıwı hám jańalanıwı artadı |
| **Qaharman tili** | Personajdı anıq súwretlew | Shıǵarmanıń kórkemlik boyawınıń hám isenimliligi artadı |

Kórkem shıǵarmalarda dialektizmler ádebiy tildegi sinonimi, variantı menen salıstırılǵanda, olardıń semantikalıq sáykesligi hám ayırmashılıqları anıq boladı. Bul boyınsha prof. E. Berdimuratov: qaraqalpaq ádebiy tili menen dialektleri arasında baylanıs bar. Ol baylanıs kóbinese dialektlik ózgeshelikke iye bolǵan sózlerdiń qollanılıw jedelliginiń artıwı menen jalpı xalıqlıq sapanı boyına sińirip, ádebiy tildiń leksikasın bayıtıwǵa sebepshi bolıwında kórinedi,- deydi. [Esemurat Berdimurat ulı 1994:188.] Bunnan dialektlik sózler ádebiy tildegi sózler menen mánileri birdey bolsa da, olar shıǵarmanıń tilinde qaharmannıń belgilerin, onıń jasaw aymaǵınıń ayırmashılıǵın kórsetiwde stilistikalıq xızmetti atqaradı. Sonıń menen birge, dialektizmler ádebiy tilde joq, qollanılmaytuǵın birliklerdi shıǵarma tiline alıp kiredi. Usınıń nátiyjesinde, dialektizmlerdi ádebiy til menen salıstırıp, olardıń sáykes keletuǵın hám sáykes kelmeytuǵın táreplerin úyreniw-kórkem shıǵarmanıń lingvostilistikalıq quramın, avtordıń qollanıw sheberligin ilimiy tiykarda ashıp beriwge imkaniyat jaratadı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Дониёров А. Шева унсурларининг бадиий асарларда қўлланиши // Ўзбек тили ва адабиёти, 1990.
2. Мусаева Ф. Ўзбек шеваларининг лингвомаданий тадқиқи. Тошкент, «Фан», 2019.

3. Сарыбаев Ш., Нақысбеков О. Қазақ тілінің аймақтық лексикасы. Алматы, Қазақ ССР-інің «Ғылым» баспасы, 1989.
4. Есемурат Бердимурат улы Ҳәзирги қарақалпақ тили. Лексикология Нөкис, «Билим», 1994.